

## **BAB III**


### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Métode panalungtikan mangrupa salah sahiji cara ilmiah anu dipaké ku panalungtik, pikeun nyangking data kalawan ngahasilkeun tujuan anu tangtu (Sugiyono, 2016, kc. 2). Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif analistis, kalawan ngagunakeun pamarekan kualitatif.

Métode déskriptif analistis mangrupa salah sahiji métode anu digunakeun pikeun medar ngeunaan pasualan anu ditalungtik sacara jéntré, ku cara nganalisis, ngelompokkeun data (klasifikasi), jeung ulikan pustaka, boh éta dina hiji kaayaan, boh dina objék luyu jeung fakta-fakta nu aya di lapangan, sedengkeun pamarekan kualitatif, nurutkeun Setiawan (2018, kc. 8), mangrupa métode ngumpulkeun data ku cara alamiah. Umumna panalungtik jadi instrumén konci dina nangtukeun sampel sumber data, kalawan ngagunakeun téhnik triangulasi (gabungan). Istilah dina panalungtikan, nu nalungtik henteu ngarobah, nambahan, atawa ngamanipulasi objék atawa wilayah panalungtikan. Ku kituna, ieu métode digunakeun pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis data-data, patali jeung kosmologi tradisi nelesan di Désa Nagarapageuh Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis dina widang ulikan simbolis.

#### **3.1 Désain Panalungtikan**

Désain panalungtikan nyaéta prosés anu dipikabutuh pikeun ngarancang, ngonsép, jeung ngagambarkeun hiji panalungtikan. Désain panalungtikan anu digunakeun, dibagankeun saperti ieu di handap.



Bagan 3.1

## Désain Panalungtikan

## 3.2 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

Lokasi jeung sumber data panalungtikan, dipedar saperti ieu di handap.

### 3.2.1 Lokasi Panalungtikan

Lokasi ieu panalungtikan, nyaéta di Désa Nagrapageuh, Kecamatan Panawangan, Kabupatén Ciamis. Dina émprona, panalungtik nyokot sampel di sabudeureun Désa Nagrapageuh. Sacara géografis, Désa Nagrapageuh aya dina koordinat 108.403553 *LS/LU* jeung 7.12988 *BT/BB*. Lega wilayah Désa Nagrapageuh nyaéta  $\pm 361,00$  Ha, di antarana sawah 116 Ha, lahan ladang 8 Ha, tegal atawa kebon 115 Ha, jeung leuweung 8 Ha. Ieu lembur téh ngawengku 3 dusun, 6 Rukun Warga (RW), jeung 23 Rukun Tetangga (RT).

Lokasi ieu lembur, ti Pasar Panawangan ka beulah wétan,  $\pm 4,2$  km. Sedengkeun, saupama ti daérah Kawali, jarakna  $\pm 11$  km. Anapon jarak tempuh ka pusat pamaréntahan ti Désa Nagrapageuh saperti ieu di handap:

- a. pusat pamaréntahan kecamatan : 5 km
- b. pusat pamaréntahan kota : 45 km
- c. ibukota provinsi : 365 km

Sacara administrasi, wates Désa Nagrapageuh, nyaéta:

- a. beulah kalér, watesna Désa Natanegara,
- b. beulah kidul, watesna Désa Nagarawangi,
- c. beulah wétan, watesna Désa Nagarajaya-Nagarajati, jeung
- d. beulah kulon, watesna Désa Sagalahérang.



Gambar 3.1 Peta Lokasi Panalungtikan

### 3.2.2 Kondisi Sosial Budaya Masyarakat di Désa Nagrapageuh

Kondisi sosial budaya masyarakat di désa Nagrapageuh, ngawengku cacah jiwa (démografi), atikan, agama, pakasaban, basa, jeung sistem kamasarakatan.

### 1) Cacah Jiwa (Démografi)

Data cacah jiwa nu aya di Désa Nagrapageuh dumasar data taun 2022, jumlahna aya 2.207 urang. Éta data téh ngawengku 1.079 lalaki jeung 1.128 awéwé. Anapon rincianana saperti ieu di handap.

Tabél 3.1  
Jumlah Cacah Jiwa Désa Nagrapageuh

No.	Wanda Baga	Jumlah	Presentase (%)
1.	Lalaki	1.079	49%
2.	Awéwé	1.128	51%
<b>Jumlah</b>		<b>2.207</b>	<b>100%</b>

Sumber: Data Démografi Désa Nagrapageuh Taun 2022

### 2) Atikan

Ditilik tina widang atikan, masarakat Désa Nagrapageuh miboga sawatara atikan, sok sanajan lulusanna béda-béda. Ti mimiti lulusan SD, SMP/Mts, SMA/SMK nepi ka S1, jeung D3. Sanajan mayoritas masarakatna masih lulusan SD, SMP jeung SMA, lain hartina henteu maliré kana atikan. Ieu hal dilantarankeun ku ayana sawatara faktor, di antarana: faktor démografis Désa Nagrapageuh anu ayana di sikluk tur jauh, faktor ékonomi jeung kurangna pamahaman masarakat kana pentingna dunya atikan.

Tabél 3.2  
Jumlah Cacah Jiwa Désa Nagrapageuh Dumasar Atikan

No.	Kelompok	Jumlah	Persentase (%)
1.	Belum Sekolah	117	6%
2.	Tidak Tamat Sekolah	205	11%
3.	Tamat SD/Sederajat	837	43%
4.	Tamat SLTP/Sederajat	455	23%
5.	Tamat SLTA/Sederajat	280	14%
6.	Tamat Akademi/Sederajat	10	1%
7.	Tamat Perguruan Tinggi/Sederajat	38	2%
<b>Jumlah</b>		<b>1.942</b>	<b>100%</b>

Sumber: Data Démografi Désa Nagrapageuh Taun 2022

### 3) Agama

Masyarakat Désa Nagrapageuh ngagem agama Islam. Ieu hal katitén tina data démografi, yén sakabéh masarakatna nyaéta 2.207 urang ngagem agama Islam. Sarana ibadah anu aya di Désa Nagrapageuh di antarana aya 21 mushola.

Ayana sababaraha kagiatan anu dilaksanakeun, tangtuna sok dipatalikeun jeung kagiatan agama Islam di antarana baé: kagiatan pangajian, muludan, rajaban, malem hiji Suro, jeung tradisi nelesan. Kagiatan pangajian, sok diayakeun unggal poé Senén, Juma'ah, jeung Minggu. Tempat pangajiana tangtu béda-béda, poé Senén pangajian dilaksanakeun di Masjid Jami Kaom, poé Juma'ah dilaksanakeun di Masjid Kalapa 3 Kaom, jeung poé Minggu dilaksanakeun di Dayeuhdatar. Dina malem hiji Suro, masarakat Désa Nagrapageuh sok tawasulan, macakeun surat Yasin tur sholawat, di Situs Karomah Pasaréan Pangéran Radén Undakan Kalangan Sari.

Salian ti éta, nalika ngalaksanakeun tradisi nelesan ogé sok diayakeun heula tawasulan atawa du'a babarengan sabari macakeun sholawat. Ieu hal téh dilaksanakeun ku masarakat Désa Nagrapageuh, anu dipimpin ku kuncén kalawan nyoko kana ayat-ayat suci Al-Qur'an. Tujuanna sangkan dipaparin kabarokahan tur salawasna ditangtayungan kalancaran jeung kasalametan dina sakur lampahna.

Tabél 3.3  
Jumlah Cacah Jiwa Dumasar Agama

No.	Agama	Jumlah	Persentase (%)
1.	Islam	2.207	100%
2.	Kristen Katholik	-	0%
3.	Kristen Protestan	-	0%
4.	Hindu	-	0%
5.	Budha	-	0%
6.	Kapercayaan Séjén	-	0%
<b>Jumlah</b>		<b>2.207</b>	<b>100%</b>

Sumber: Data Démografi Désa Nagrapageuh Taun 2022

### 4) Pakasaban

Mayoritas pakasaban masarakat di Désa Nagrapageuh nyaéta patani. Ieu hal bisa katitén nalika ka Désa Nagrapageuh, sapanjang jalan bakal manggih pasawahan. Ku kituna, pantes saupama di Nagrapageuh aya tradisi nelesan.

Lia Robi'ah Adawiyah, 2022

**KOSMOLOGI TRADISI NELESAN DI DÉSA NAGRAPAGEUH KECAMATAN PANAWANGAN  
KABUPATÉN CIAMIS (ULIKAN SIMBOLIS)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



Ku sabab, patani ilaharna raket patalina jeung tradisi anu turun-tumurun saperti tradisi nelesan. Salian ti éta, aya sawatara masarakat anu sok ngebon ngabudidayakeun kopi jeung kapol. Disagédéngéun éta, aya ogé sababaraha pakasaban di antarana PNS, patani, buruh tani, wiraswasta, jeung sajabana. Ieu hal bisa katitén dina tabél di handap.

Tabél 3.4  
Jumlah Cacah Jiwa Dumasar Pakasaban

No.	Pakasaban	Jumlah	Persentase (%)
1.	Tidak Bekerja/Pengangguran	7	2%
2.	Swasta	77	26%
3.	Wiraswasta/Pedagang	36	12%
4.	Pegawai Negeri Sipil (PNS)	14	5%
5.	TNI/POLRI	-	0%
6.	Petani	98	34%
7.	Buruh Tani	55	19%
8.	Peternak	2	1%
9.	Pensiunan	2	1%
<b>Jumlah</b>		<b>291</b>	<b>100%</b>

Sumber: Data Démografi Désa Nagrapageuh Taun 2022

## 5) Basa

Basa anu digunakeun ku masarakat Désa Nagrapageuh nyaéta basa Sunda. Dina kahirupan sapopoéna, tangtuna masarakat ngagunakeun basa Sunda salaku alat komunikasi. Ilaharna, basa Sunda anu digunakeuna nyaéta basa Sunda Priangan. Salian ti éta, basa Indonésia ogé osok digunakeun, saupama aya tamu atawa nu teu ngarti kana basa Sunda jeung acara-acara formal.

## 6) Sistem Kamasarakatan

Sistem kamasarakatan warga di Désa Nagrapageuh, masih kawilang panceg dina ngamalkeun ajén gotong royong, silih élédan, silih asah, silih asih, jeung silih asuh, nepi ka masarakatna hirup ayem tingtrim, teu aya pacogrégan. Ieu hal bisa katitén dina kahirupan sapopoé masarakatna. Contona waé ayana kagiatan gawé bareng dina raraga méréskeun tangkal anu urug ngahalangan jalan, ronda pikeun

ngajaga kaamanan désa jeung nyiapkeun kaperluan katut kaolahan pikeun tradisi nelesan, masarakatna ilubiung silih mantuan.


### 3.2.3 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data panalungtikan tangtuna waé jadi hal anu penting dina panalungtikan. Ku sabab, sumber data mangrupa subjék data panalungtikan anu engkéna bisa dicangking tur dijadikeun data.



Sumber data nu aya dina ieu panalungtikan, nyaéta: (1) hasil obsérvasi jeung wawancara ti sababaraha narasumber, hususna Kuncén Nagarapageuh. Salian ti éta, anu jadi sumber dina ieu panalungtikan nyaéta kokolot atawa sesepuh katut masarakat sabudeureun lembur Nagarapageuh, anu maham jeung apal kana tradisi nelesan; (2) *studi pustaka*, nu mangrupa hasil maca buku, artikel jurnal, jeung skripsi; sarta (3) hasil dokuméntasi, nu mangrupa potu, video, jeung rékaman sora.


Anapon, data dina ieu panalungtikan nyaéta kosmologi, sajarah jeung prak-prakan anu aya dina tradisi nelesan, katut ma'na-ma'na simbolis anu nyampak dina tradisi nelesan di Désa Nagarapageuh Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis.

Tabél 3.5  
Data Idéntitas Informan

No.	Foto	Data Idéntitas Informan
1.		a. Wasta : Yoyo Suparyo, S.E. b. Yuswa : 36 taun c. Wanda Baga : Lalaki d. Atikan : S1-Ekonomi e. Pakasaban : Wiraswasta f. Padumukan : Dusun Kaom, Rt./Rw. 01/01, Désa Nagarapageuh Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis g. Kalungguhan : Kuwu (Kepala Désa Nagarapageuh)



No.	Foto	Data Identitas Informan
2.		a. Wasta : Eman Sulaeman (Aki Ikit) b. Yuswa : 56 taun c. Wanda Baga : Lalaki d. Atikan : SMA e. Pakasaban : Patani f. Padumukan : Dusun Dayeuhdatar, Rt/Rw. 14/04, Désa Nagrapageuh Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis g. Kalungguhan : Kuncén Nagrapageuh
3.		a. Wasta : Abah Ali b. Yuswa : 63 taun c. Wanda Baga : Lalaki d. Atikan : SMA-Pasantrén e. Pakasaban : Pengrajin Kayu f. Padumukan : Dusun Balokang, Rt./Rw. 16/06, Désa Gardu Banjar Patroman g. Kalungguhan : Budayawan Galuh
s4.		a. Wasta : Endang Surahlan b. Yuswa : 38 taun c. Wanda Baga : Lalaki d. Atikan : SLTA e. Pakasaban : Wiraswasta f. Padumukan : Dusun Dayeuhdatar, Rt./Rw. 09/03, Désa Nagrapageuh Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis g. Kalungguhan : Kepala Urusan Perencanaan

No.	Foto	Data Identitas Informan
5.		a. Wasta : Diat Supriatna b. Yuswa : 27 taun c. Wanda Baga : Lalaki d. Atikan : D3 e. Pakasaban : - f. Padumukan : Dusun Dayeuhdatar, Rt./Rw. 12/04, Désa Nagrapageuh Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis g. Kalungguhan : Kepala Dusun Dayeuhdatar
6.		a. Wasta : Deni b. Yuswa : 41 taun c. Wanda Baga : Lalaki d. Atikan : SLTA e. Pakasaban : - f. Padumukan : Dusun Dayeuhdatar, Rt./Rw. 08/03, Désa Nagrapageuh Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis g. Kalungguhan : Kepala Urusan Tata Usaha dan Umum
7.		a. Wasta : Salmini (Ma Herni) b. Yuswa : 66 taun c. Wanda Baga : Awéwé d. Atikan : SLTP e. Pakasaban : Patani f. Padumukan : Dusun Kaom, Rt./Rw. 07/02, Désa Nagrapageuh Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis g. Kalungguhan : warga Désa Nagrapageuh anu osok nyieunan kupat salamet jeung nantang angin (pikeun tradisi nelesan)

No.	Foto	Data Identitas Informan
8.		a. Wasta : Endah Rosidah b. Yuswa : 39 taun c. Wanda Baga : Awéwé d. Atikan : SMA e. Pakasaban : Wiraswasta f. Padumukan : Dusun Kaom, Rt./Rw. 07/02, Désa Nagrapageuh Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis g. Kalungguhan : Budak kuncén ka-3 Nagrapageuh, anu osok nyieunan sasajén pikeun tradisi nelesan di Nagrapageuh
9.		a. Wasta : Lina Yuliani b. Yuswa : 31 taun c. Wanda Baga : Awéwé d. Atikan : SMA e. Pakasaban : Ibu Rumah Tangga f. Padumukan : Dusun Kaom, Rt./Rw. 07/02, Désa Nagrapageuh Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis g. Kalungguhan : Budak kuncén ka-3 Nagrapageuh, anu osok nyieunan sasajén pikeun tradisi nelesan di Nagrapageuh
10.		a. Wasta : Didi Rohayat (Pa Aang) b. Yuswa : 63 taun c. Wanda Baga : Lalaki d. Atikan : SLTA e. Pakasaban : Wiraswasta f. Padumukan : Rt./Rw. 01/08, Désa Nagrapageuh Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis g. Kalungguhan : masarakat Désa Nagrapageuh

### 3.3 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan kabagi jadi dua bagéan, nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah sarta nganalisis data.

#### 3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah stratégis dina panalungtikan, anu miboga tujuan utama pikeun meunangkeun data. Ditilik tina sumber datana bisa ngagunakeun data primér, sekundér, jeung téhnik ngumpulkeun data nu leuwih réa ngagunakeun obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi (Sugiyono, 2016, kc. 225).

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan kabagi jadi tilu téhnik, nyaéta obsérvasi partisipatif aktif, wawancara ka sababaraha pihak anu kalibet dina lumangsungna kagiatan tradisi nelesan tur ka sepuh nu dianggap kokolot di Désa Nagrapageuh, jeung ngarékam atawa ngadokuméntasikeun sakur kagiatan anu aya dina tradisi nelesan di Désa Nagrapageuh Kacamatan Panawangan Kabupatén Ciamis.

##### 1) Obsérvasi Partisipatif aktif

Nurutkeun Anufia (2019, kc. 10), obsérvasi mangrupa pengamatan langsung kana objék anu ngagunakeun sakabéh panca indra pikeun meunangkeun data. Ieu hal diwewegan ogé ku Sugiyono (2016, kc. 226), yén obsérvasi mangrupa salah sahiji téhnik dasar dina ngumpulkeun data, ku cara nu nalungtik ngalakukeun panalungtikan sacara langsung tur kalibet dina kagiatan sapopoé jalma anu baris ditalungtikna.

Dina ieu panalungtikan, nu nalungtik ngagunakeun téhnik obsérvasi partisipatif aktif nyaéta dina raraga ngumpulkeun data, panalungtik ilubiung dina prak-prakan kagiatan, luyu jeung anu dilakukeun ku narasumber (Sugiyono, 2016, kc. 227). Digunakeunana téhnik obsérvasi partisipatif aktif, data bakal leuwih lengkep tur kaharti. Ieu téhnik téh digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan kosmologi, sajarah katut prak-prakan tradisi nelesan jeung ma'na simbolis anu nyampak dina tradisi nelesan di Désa Nagrapageuh Kecamatan Panawangan, Kabupatén Ciamis.

## 2) Wawancara

Esterberg (dina Sugiyono, 2013, kc. 233) ngabagi wawancara jadi tilu rupa, nyaéta wawancara terstruktur, semi-terstruktur, jeung wawancara teu terstruktur. Téhnik wawancara nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta, téhnik wawancara semi-terstruktur. Dina prakna, téhnik wawancara semi-terstruktur dimimitian tina isu anu aya dina pedoman wawancara, tapi kadituna leuwih bébas atawa ngaguluyur jeung terbuka (Putra Salain, spk., 2020, kc. 22). Hartina, informan nu diajak wawancara dipénta sawangan jeung ide-idenana ngeunaan tradisi nelesan di Désa Nagrapageuh Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis. Didieu, nu nalungtik kudu taliti jeung nulis sakur naon waé nu ditepikeun ku informan.

## 3) Dokuméntasi

Dokuméntasi mangrupa salah sahiji téhnik ngumpulkeun data anu puguh patali dina nganalisis objék-objék data anu ditalungtik. Ilaharna, hasil tina téhnik dokuméntasi mangrupa wangun gambar atawa foto, jeung wangun *video*. Ieu téhnik téh digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun hal-hal nu aya patalina jeung tradisi nelesan di Désa Nagrapageuh Kecamatan Panawangan.

Salian ti éta, panalungtik ngagunakeun ogé téhnik *studi pustaka*. Téhnik *studi pustaka* ku cara macaan sababaraha buku référénsi, artikel jurnal, jeung skripsi, pikeun nguatkeun data hasil panalungtikan lapangan sarta maluruh informasi tinulis ngeunaan tradisi nelesan di Désa Nagrapageuh Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis.

### 3.4 Téhnik Ngolah jeung Analisis Data

Data-data panalungtikan anu geus kakumpul ngaliwatan sababaraha téhnik ngumpulkeun data di luhur, satuluyna dianalisis ngagunakeun tiori-tiori anu geus ditangtukeun. Nurutkeun Pratiwi (2017, kc. 215), analisis data mangrupa prosés néangan jeung nyusun data sacara sistematis, anu dibeunangkeun tina hasi obérvasi, wawancara, catetan lapangan, jeung dokuméntasi. Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik analisis déskriptif kualitatif. Analisis data dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

- 1) Maluruh deui data nu geus kakumpul tina hasil obsérvasi, wawancara, dokuméntasi jeung *studi pustaka*.
- 2) Nganalisis jeung ngadéskripsikeun kalungguhan katut prak-prakan tradisi nelesan, ngawengku pedaran sajarah, prak-prakan, jeung bahan nu kudu aya dina tradisi nelesan.
- 3) Nganalisis jeung ngadéskripsikeun ma'na simbolis anu nyampak dina tradisi nelesan di Nagarapageuh Panawangan Ciamis. Ma'na simbolis ngawengku pedaran dumasar tiori Turner, anu ngabagi tiori ngeunaan simbol atawa ma'na jadi tilu wanda, nyaéta: (1) étnografis; (2) ékségésis; jeung (3) éksplanasi.
- 4) Nganalisis jeung ngadéskripsikeun kosmologi tradisi nelesan di Désa Nagarapageuh Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis, dumasar tiori Jacob Sumardjo, nu ngabagi kosmologi kana tilu bagéan luyu jeung pola tilu urang Sunda, nyaéta buana nyungcung, buana pancatengah, jeung buana larang.
- 5) Nyieun kacindekan tina hasil nu geus dianalisis.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data sangkan dina ngalakukeun pagawéana leuwih gampang tur hasilna leuwih hadé (Purbawanto, 2015, kc. 41). Ku kituna, sakabéh alat dina ngumpulkeun data disebut instrumén panalungtikan, saperti obsérvasi, wawancara, jeung nu lianna.

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta obsérvasi jeung catetan lapangan, data idéntitas informan, pedoman wawancara, sarta *Handphone* salaku alat rékam jeung moto pikeun dokuméntasi.

#### 1) Obsérvasi jeung Catetan Lapangan

##### Instrumén Obsérvasi

Instrumén obsérvasi anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta nu nalungtik sorangan salaku instrumén konci, dina ngalaksanakeun obsérvasi langsung ka lapangan.

Tabél 3.6  
Instrumén Obsérvasi

No.	Indikator	Perkara anu di Obsérvasi
1.	Asal-usul	1) Sajarah diayakeunna tradisi nelesan di Nagrapageuh 2) Pangaruh diayakeunna tradisi nelesan pikeun masarakat sabudeureun di Nagrapageuh 3) Kosmologi tradisi nelesan anu nyampak dina tradisi nelesan
2.	Pra-kagiatan	1) Hal-hal anu kudu dipersiapkeun saméméh tradisi nelesan di Nagrapageuh
3.	Prungna Kagiatan	1) Pelaksanaan tradisi nelesan 2) Waktu lumangsungna tradisi nelesan 3) Tempat dilaksanakeun tradisi nelesan
4.	Palaku	1) Palaku dina ngalaksanakeun tradisi nelesan (Kuncén, aparat désa, masarakat, jrrd.)
5.	Properti	1) Bahan atawa sasajén nu kudu aya dina tradisi nelesan

Catetan lapangan mangrupa buku catetan, digunakeun pikeun nuliskeun hal-hal anu penting, nalika wawancara jeung informan.

## 2) Pedoman Wawancara

### Instrumén I

Tabél 3.7  
Data Idéntitas Informan

No.	Foto	Data Idéntitas Informan
1.		a. Wasta : b. Yuswa : c. Wanda Baga : d. Atikan : e. Pakasaban : f. Padumukan : g. Kalungguhan :
...		

### Instrumén II

Dina wawancara, sangkan ngaéféktifkeun waktu pikeun nyangking informasi, panalungtik nyiapkeun padoman wawancara, anu eusina sababaraha patalékan pikeun informan saperti ieu di handap.



Tabél 3.8  
Daptar Patalékan Informan

<b>Daptar Patalékan Informan</b>
1. Kumaha kalungguhan jeung sajarah ayana tradisi nelesan di Désa Nagrapageuh Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis?
2. Naha éta tradisi dingaranan nelesan? Naha aya bédana jeung tradisi jamasan atawa panjang jimat?
3. Kunaon pangna benda pusaka kudu diberesihan tuluy dipusti-pusti?
4. Naha aya aturan nalika rék ngalaksanakeun tradisi nelesan di Désa Nagrapageuh Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis? (saperti katangtuan dina raksukan, jsb.)
5. Naon baé ngaran benda pusaka nu aya di Nagrapageuh Panawangan Ciamis?
6. Saha nu mingpin acara tradisi nelesan di Nagrapageuh Panawangan Ciamis?
7. Saha baé anu bisa milu aub kana ieu tradisi téh?
8. Naha aya waktu nu tangtu pikeun ngabersihanana?
9. Kumaha prak-prakan nu aya dina tradisi nelesan?
10. Naon pangaruh diayakeunna tradisi nelesan pikeun masarakat sabudeureun?
11. Kumaha sikep masarakat Désa Nagrapageuh kana tradisi nelesan?
12. Naha aya gotong royong ti masarakat keur ngarojong suksésna tradisi nelesan?
13. Ku ayana tradisi nelesan, naha aya pangaruhna kana kahirupan atawa ka tingtriman masarakatna?
14. Properti anu digunakeun dina tradisi nelesan aya sabaraha hiji? Saupama aya 9, naon maksudna?
15. Saha anu miboga tanggungjawab nalika tradisi nelesan lumangsung?
16. Saha waé palaku aktif dina tradisi nelesan?
17. Saha anu miboga pancén pikeun ngaluarkeun benda pusaka?
18. Saha anu gaduh pancén majangkeun éta pusaka?
19. Sabaraha lami dipajangkeunna?
20. Saha anu miboga pancén ngadu'a?
21. Nalika bérés tradisi nelesan, naha sok aya nu nyandak cai?
22. Iraha dilaksanakeunna ieu tradisi téh? (naha ti isuk-isuk, beurang, atawa peuting)
23. Naha aya mamalana nalika ieu tradisi teu dilaksanakeun?
24. Kosmologi naon nu nyampak dina tradisi nelesan atawa nu sumebar di masarakat Nagrapageuh?
25. Dimana dilaksanakeunana ieu tradisi?

3) Alat Rékam jeung Moto (*Handphone*)

*Handphone* digunakeun pikeun ngarékam sora jeung ngadokuméntasikeun sakur kagiatan anu geus dilaksanakeun.